



FBI AP CHÈCHE

ANDRE J. FLEURENTIN

Li sove ilegalman pou l evite ale devan lajistis leta – Asasina





Foto laj pwogrese a 50 ane
fin vye granmoun

DESKRIPSYON

Alyas: Andre Fleurentin, Ajaye Faerantın, Jean Fkeurantın, Jean A. Fkeurantın, Andre Fleurantın, Jean A. Fleurantın, Jean Andre Fleurantın, AJ Fleurentin, Jean A. Fleurentin, Jean A. Fluertantın, Jean Andre Fluertantın, Jeana Fluertantın, "AJ"	Ki kote li fèt: Ayiti
Dat de nesans li sèvi: premye janvye 1971, 28 janvye 1971, 13 jyen 1968, 21 oktòb 1971, 27 oktòb 1971	Zye: nwa
Cheve: mawon (li posib ke li raze tèt li)	Konbyen l peze: ant 140 e 150 liv (ant 63,5 e 68 kg)
Wotè: 5 pye 6 pous (1m70)	Ras: nwa
Sèks: maskilen	Lang: anglè, kreyòl, kreyòl ak patwa ke yo pale nan peyi lang franse yo
Nasyonalite: ayisyen	NCIC: W807106342
Sikatri ak Mak: Fleurentin gen yon sikatri sou avanbra goch li.	

REMAK

Fleurentin gen koneksyon an Dominikani ak Ayiti, e li pwobab ke l ap viv nan youn lan peyi sa yo.

AVÈTISMAN

Y ap chèche Andre J. Fleurentin poutèt li ta enplike nan asasina yon nèg le premye oktòb 1992, nan Konte Union, New Jersey. Jou sa a, Fleurentin ak kèk lòt moun te rasanble devan yon kay lè yon nèg vin pwoche gwoup la. Selon sa yo di, nèg la ak Fleurentin te fè yon ti diskisyon, apresa Fleurentin rale yon revòlvè sot nan jakèt li epi l tire nèg la e li touye l. Yo di tou, lè sa a, li ta tonbe tire sou tout lòt moun ki te nan zòn lan, e de lòt moun pran bal. Apresa, Fleurentin ta met deyò anvan lapolis rive. Kou Siperyè Jistis Konte Union, nan Leta New Jersey a, te akize Fleurentin de asasina le premye oktòb 1992 e yo te mete yon manda dèyè l pou yo arete l. Le 15 fevriye 1994, Tribinal Federal ameriken nan Distrik New Jersey, Newark, New Jersey, te mete yon manda darestasyon dèyè Fleurentin apre yo te fin met akizasyon dèyè l paske li sove ilegalman pou l evite ale devan lajistis leta.

YO TA DWE KONSIDERE MISYE TANKOU YON MOUN KI AME E DANJERE.

Si w gen nenpòt enfòmasyon sou moun sa a, silvouplè kontakte biwo lokal FBI ou a, oswa Anbasad Ameriken oubyen Konsila ki pi pre w la.

Biwo Rejyonal FBI: Newark